

VIL NEW YORK la
BIWO MAJISTRA POU JESYON AK BIDJÈ
SIBVANSYON GLOBAL POU DEVLOPMAN-PWOGRAM REKONSTWIKSYON APRÈ DEZAS
Avi Piblik Disponibilite

POU TOUT REZIDAN YO, GWOUPE YO, KONSÈY KOMINOTÈ AK AJANS KI ENTERESE YO:
Lendi, 14 Septanm 2026, Vil New York ap lage yon amandman sibstansyèl nan Plan Aksyon Rekipirasyon Sibvansyon Global Devlopman Kominotè pou Katastwòf (CDBG-DR) swit a Tanpèt Ida. Atravè amannman sa a, Vil la pral bay detay sou itilizasyon li pwopoze pou \$86,000,000 nan finansman CDBG-DR yo reyafekte, ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) bay.

Pou jwenn aksè nan plan an apati 9/14/2026, tanpri ale sou: <https://www.nyc.gov/site/cdbgdr/hurricane-ida/ida-action-plan.page>. Rezime Egzekitif yo ap disponib nan lang angle, panyòl, chinwa, ris, bengali, kreyòl ayisyen, kreyòl, arab, urdu, franse, ak polonè. Materyèl sou entènèt yo ap disponib tou pou moun ki gen pwoblèm vizyèl. Kopi papyè Plan Aksyon an, ki enkli nan yon fòm an enprime an gwo (18pt. font size), ap disponib sou demann.

Amandman sibstansyèl la sijè a yon peryòd kòmantè piblik de 30 jou, ki ap kòmanse nan 15 Septanm 2026. Kòmantè yo dwe resevwa pa pita pase Vandredi, 16 Oktòb 2026 a 11:59 P.M. (LÈS). Kòmantè alekri yo ka soumèt bay CDBGComments@omb.nyc.gov oswa bay Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra a, nan Atansyon: Julie Freeman, Direktè Devlopman Kominotè, 255 Greenwich Street, 8th Floor, NouYòk, NouYòk 10007.

Gen yon odyans ki pwograme pou 10/8/2026, soti 6:00 rive 7:00 p.m., pou resevwa kòmantè sou fason Vil la itilize fon federal yo. Manm piblik la ka patisipe nan odyans lan swa an pèsòn oswa vityèlman. Enfòmasyon pou patisipe nan odyans lan sou entènèt oswa an pèsòn disponib anba a:

Lyen ZOOM pou patisipasyon sou entènèt:

https://us06web.zoom.us/webinar/register/WN_fk1Fx3ylR5OpGKLrWtmhBA

ID Seminè sou Entènèt: 897 3335 4124

Kòd Aksè: 1

Kote pou patisipasyon an pèsòn:

Sal Odyans Komisyon Planifikasyon Vil NYC

120 Broadway, Nivo Anba

New York, New York 10002

Tanpri fè Depatman Planifikasyon Vil NYC konnen si ou bezwen aranjman rezonab oswa sèvis entèpretasyon nan yon lang etranje, tankou sèvis entèpretasyon nan lang siy, men san sa pa limite ak sèvis sa a, pou patisipe nan odyans piblik la. Y ap bay sèvis entèpretasyon nan lang etranje selon resous ki disponib yo. Tanpri voye demann yo pa imèl bay accessibilityinfo@planning.nyc.gov oswa rele 212-720-3366 omwen senk jou ouvrab anvan odyans lan.

Nan fen peryòd kòmantè a, yo pral egzamine tout kòmantè yo, epi repons Vil la pral entegre nan Plan Aksyon final la. Demann final la, ki gen yon rezime kòmantè ak repons Vil la, pral soumèt bay HUD epi afiche sou sitwèb CDBG-DR Vil la.

Vil Nouyòk: Zohran Kwame Mamdani, Majistra
 Sherif Soliman, Direktè, Biwo Majistra nan Jesyon ak Bidjè

Dat: 11 Septanm 2026